hududlarga mayin yog‘dusini sochayotgan to‘lin oy… bularning bari ixtiyorsiz ravishda uni allalab, o‘z og‘ushiga tortardi” [2:64-65].

Adib sahro tasvirini berishda tuya obrazidan juda mahorat bilan foydalanganligini ko‘rishimiz mumkin. Ayniqsa, “karvonboshining har zamonda “Tah! Tah!” deb ovoz berishi, tuya tuyog‘i ostidan chiqayotgan qum saslari, ko‘kka sochilib ketgan yulduzlar” jumlasining o‘rni juda beqiyosdir. Adib sahro tasvirini bunchalik go‘zal ifodalash uchun ot obrazidan foydalanib bo‘lmasligini bilgan holda tuya obrazidan foydalangan desak mubolag‘a bo‘lmaydi. “Tuya – sahro kemasi” – deb aytib o‘tilgan jumlani his qilgan holda adib shu o‘zgartirishni keltirgan degan xulosaga kelsak bo‘ladi.

Bu ketma-ket holda berilgan jumlalardan “karvonboshining “Tah! Tah!” deb ovoz berishi, tuya tuyog‘i ostidan chiqayotgan qum saslari, sochilib ketgan yulduzlar, chek-chegarasiz hududlarga mayin yog‘dusini sochayotgan to‘lin oy” misollari o‘quvchi xayolida beixtiyor Navoiyning Lutfiyga aytgan ikki misra g‘azali paydo bo‘ladi. Sababi g‘azalda ham shu ko‘rinishda ketma-ket go‘zal misollar keltirilgan.

“Orazin yopqach ko‘zimdin sochilur har lahza yosh,
O‘ylakim, paydo bo‘lur yulduz, nihon bo‘lg‘ach quyosh…” [2:74].

Xulosa o‘rnida shuni aytish mumkinki, “Alisher Navoiy” romani sujeti va uning tashkil etilishida badiiy tasvir vositalaridan keng hamda mukammal foydalanilgan. Adib “Alisher Navoiy” romani orqali Navoiy hayoti va ijodiy faoliyati bilan birga XV asrda yuz bergan tarixiy voqealarni badiiy tasvirlar orqali keltirib o‘tgan. AsardaNavoiy hayotini yoritishda tarixiy faktlar bilan birgalikda badiiy to‘qimalardan ham keng qo‘llanilgan. Bu esa asarning badiiylik jihatini oshirishdagi yozuvchining o‘ziga xos usludidan dalolat beradi.

Nafaqat tarixiy, balki zamonaviy mavzudagi asarlarda ham mumtoz adabiyot an’analaridan ijodiy foydalanish mahorati yuksakligini ijodkor uslubiy o‘ziga xosligining yorqin namunasi sifatida e’tirof etishimiz mumkin.

**Adabiyotlar**


1. Каримов Б. Ҳазрат Алишер Навоийга эҳтиром ёхуд Инсоният қуёши таърифида битилган роман тўғрисида бир икки оғиз сўз. – Тошкент: «Маданият», 2021.
2. Исажон Султон. Алишер Навоий. –Тошкент: «Адабиёт», 2021.
3. Қуранов Д. Адабиёт назарияси асослари. – Тошкент: «Ношир», 2019.
4. Миркарим Осим. Жайҳун устида булутлар. – Тошкент: Ғофур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1975.
5. Сиражиддинов Ш., Юсупова Д., Давлатов О. Навоийшунослик. – Тошкент: «Тамаддун», 2018.
6. Ғиёсиддин Хондамир. Макорим ул-ахлоқ. – Тошкент: «Ёшлар» нашриёт уйи. 2018.



**REZYUME.** Maqolada taniqli yozuvchi Isajon Sultonning “Alisher Navoiy” romanida Sujet va badiiy uslub haqida so‘z yuritiladi. Asarda sujet va uning qurulishida yozuvchi uslubining o‘ziga xosligi tadqiq etiladi. Shuningdek, mazkur hodisalar ilmiy-nazariy tahlillar natijasi umumlashtiriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о сюжете и художественном стиле в романе известного писателя Исаджона Султана «Алишер Навои». В работе исследуется своеобразие стиля писателя в теме и ее построении. Также обобщены результаты научно-теоретического анализа этих явлений.

**SUMMARY.** The article talks about the subject and artistic style in the novel “Alisher Navoi” by the famous writer Isajon Sultan. The work explores the uniqueness of the writer's style in the subject and its construction. Also, the results of scientific-theoretical analyzes of these phenomena are summarized.


## Д.ЕСЕБАЕВ – ДЕТЕКТИВ ГҮРРИҢЛЕРДИҢ ШЕБЕРИ


**З.К.Ктайбекова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: ҳикоя, детектив жанр, сюжет, персонаж, ретроспектив усул, лирик чекиниш, мотив, деталь, маҳорат, диалог.

**Ключевые слова:** рассказ, детективный жанр, сюжет, персонаж, ретроспективный метод, лирическое отступление, мотив, деталь, мастерство, диалог.

**Key words**: story, detective genre, plot, character, retrospective method, lyric retreat, motive, detail, skill, dialogue.


**Кирисиў.** Дәўлетмурат Есебаев – ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында белгили жазыўшылардың бири. Ол қарақалпақ прозасын ҳәр қыйлы темаларда жазылған өзиниң бир қатар повесть ҳәм гүрриңлери менен байытты. Жазыўшының қәлеминен дөреген «Аққан жулдыздың алыс шуғласы», «Тышқан тесиги мың теңге», «Көк бояў» сыяқлы китаплары кең жәмийетшилик кеўлинен терең орын алды. Жазыўшы «Қыйсық издиң қыйығы», «Қырағылық», «Тайғаның ақ түнинде», «Қәўетерли тәўекел», «Қоян аўы…ы», «Қуран аяты», «Тынышлық урыс ҳалаты» ҳәм т.б. детектив гүрриңлери арқалы қарақалпақ гүрриңшилигин жанрлық-формалық жақтан түрлендирди.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Бүгинги күнде жәҳән әдебиятаныўында детектив шығармалардың шегарасы, тәбияты, мазмун-мәниси ҳәм жанрлық имканиятлары ҳаққында бир қатар илимий пикирлер бар [1]. Усы тийкарда, түркий халықлар әдебиятында, соның ишинде, өзбек әдебияттаныўында Т.Ирисбоев [2], Ш.Сулайманов [3], Б.Холиковлар [4] тәрепинен өзбек детектив

прозасының генезиси ҳәм тәбияты, раўажланыўы ҳәм көркемлик өзгешеликлери кең көлемде үйренилген болса, қарақалпақ әдебиятында детектив жанрдағы шығармалар, атап айтқанда, повестьлер З.Алламуратова тәрепинен арнаўлы түрде изертленди [5]. Деген менен, қарақалпақ әдебияттаныўында детектив гүрриңлер өз изертлениўи күтип турған әҳмийетли мәселелерден саналады.

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем-эстетикалық, структуралық анализ методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Детектив гүрриңлер сюжетинде жәмийетимизде жүз берип атырған сырлы жынаятларды ашыў менен байланыслы ўақыялар сүўретленеди. Бундай шығармаларда сюжет ўақыяның раўажланыўы менен ямаса түйин арқалы басланады. Тийкарынан, ўақыялардың раўажланыўында гүррińдеги қатнасыўшы қаҳарманлар арасындағы ҳәр қыйлы келиспеўшиликлер ямаса қарама-қарсылықлар ашылады. Нәтийжеде, шығармадағы персонажлардың ҳәр қыйлы характерлери айқын көзге тасланады.

Жазыўшы Д.Есебаевтың гүррińлериниң сюжетлик қурамында ўақыялардың раўажланыўы ҳәм шешилиўи тийкарғы жобада орын алған. Әсиресе, детектив гүррińлеринде сүўретленген ўақыялар тез пәт пенен раўажланып, кульминация дәрежесине шекем барып тақалады. Шығарманың кульминациясында гүрриң сюжетиндеги ўақыялар кескин түс алып, қаҳарманлар арасындағы ямаса топарлар арасындағы қарама-қарсылықлар, конфликт жүзеге шығады. Нәтийжеде, шығарманың жуўмағында ўақыялардың шешилиўине, жумбақлы сырлардың ашылыўына ҳәр қандай китап оқыўшысының қызығыўшылығы артып барады. Жазыўшының детектив гүррińлериниң көпшилигинде, шығарманың тийкарғы темасы болған жынаят ҳәм оның ашылыўы орайлық мәселе болды. Шығарманың ўақыяларын қызықлы түрде баянлаў мақсетинде жазыўшы өз гүррińлеринде ҳәр қыйлы образлар системасынан ҳәм поэтикалық стильлерден шеберлик пенен пайдаланды. Әсиресе, қаҳарманлардың ишки кеширмелерин сүўретлеўде, ҳәр бир руўхый-психологиялық ҳалатларды ашып бериўде, шығарманың сюжет ҳәм композициясының пүтинлигин тәмийинлеўде ҳәм тема ушын атама таңлаўға айрықша әхмийет қаратқанлығы айқын сезилип турады. Мысалы, «Қыйсық издиң қыйығы…», «Қырағылық», «Қәўетерли тәўекел» ҳәм т.б. Детектив гүррińлериндеги тийкарғы сюжет линиясы, көбинесе, персонажлардың ҳәрекетлери, эпизодлық ўақыялар жәрдеминде раўажланып барады.

«Қыйсық издиң қыйығы…» гүррińиндеги ўақыялар желиси тергеўши лейтенат Рустем Пиримбетовтың Алламберген ғаррының үйине түскен урлық жынаятын ашыў ушын жолға атланыўы менен басланады. Алламберген ғаррының айтыўынша, Кегейлидеги қызының баласының үйленген тойына кеткен ўақтында, үйинде ҳеш ким қалмағаны ушын оң жақтағы қоңсысы Әбдимурат деген жигитке үйин тапсырып кетсе де, тойдан ертерек қайтқан ғарры үйиниң әйўан-жәйўан болып атырғанының үстинен шыққан, сыртқы есигиниң топсалары қопарылып атырғанын көрген. Ҳаўлығып, ишке кирсе, төрги жайдағы шифоньер ишиндеги кийимлер жерге шашылып, арша үстиндеги көрпе-төсеклер ортаға үйилген ҳәм қулып суўырылып алып тасланған аршасы аңқайып, ашылып қалған. Аршадағы балаларының жақсы күнлерине жыйнап қойған бес миллион сўм пулын урлап кеткенин билген ғарры дизесинен димары кетип, еденге жалпайып отырып қалады. Әллен ўақта есин жыйнап, үйине милиция шақырады.

Ташкенттеги жоқары милиция мектебин питкерип келген тергеўши лейтенант Рустем Пиримбетов жынаят жүз берген жерге келген соң, асықпай үй ишиндеги аўҳал менен танысып шығады. Үй алдынан басланған еки туфлидиң изи екинши қоңсысы Қонысбайдың үйиниң алдына алып барса, биреўи сол жерде тоқтап артына айланған. Тергеўши сол жердеги боян түбинде, сыртында түлки сүўрети бар шаққыны таўып алады. Демек, қапы топсасының бурандалы шегелери усы шаққы менен ашылған ҳәм жолда қалтасынан түсирип алған болыўы итимал. Шаққыға қатты зат пенен терең етип ойып жазылған «Қ…Қ…» деген таңбасы бар.

«Алламурат ғаррының айтқанындай, из туўры Қонысбай деген жигиттиң үйине баслап барып, үйге жақын жердеги қораның ергенегиниң аўзындағы көп адамның кирип шыққан излери арасында жоғалып қалды» [6]. Алламберген ғаррының айтыўы бойынша Қонысбай ҳәм Қалбайдың әкеси Қылышбай менен жаслайынан бирге ойнап-өскен, усы жерге көшиўине де себепши болған жорасы екен. Ғарры Қалбай менен Қонысбайдан ҳеш гүманланбайды. Бирақ еки туфлидиң изи Қалбай менен Қонысбайдың үйине алып барғанының гүўасы болған ҳәм излерди таныған ғарры пәтленип барып, тергеўшиниң де гәпине қулақ түрместен, жигитлер менен жағаласып, урысып кетеди. Лекин, олар урлық жынаятына қол урмаған еди. Экспертиза жуўмақлары да урлық Қонысбай менен Қалбай тәрепинен исленбегенин дәлиллейди.

Шығарма жуўмағында Алламберген ғаррының үйиндеги урлық Қонысбайдың туўылған күнин белгилеўге келген еки жорасы Батырбай Жолымбетов ҳәм Ҳәмдулла Айтымбетовлар тәрепинен ислегенлиги анықланады.

Гүрриң ўақыялары күнделикли турмысымызда жүз берип туратуғын урлық жынаятының ашылыўы менен жуўмақланады. Шығарманың басынан-ақ, жынаят жүз берип, усы урлық тергеўши тәрепинен сергеклик пенен ашылады. Тергеўши жынаят жүз берген жердеги барлық детальларды майдашүйдесине шекем анализлейди. Жынаятшылардың ислеген қылмысын жасырыныўға урыныў мақсетинде қоңсысының аяқ кийимин кийип урлық ислеўине қарамастан тергеўшиниң тапқырлығы менен

жынаятшы усланады. Жазыўшы шығарма ўақыяларын сүўретлеўде ҳәр бир детальды дыққаттан шетте қалдырмастан, анық түрде сәўлелендире алған.

«Қуран аяты» гүрриңинде жазыўшының ўақыяны сүўретлеўдеги индивидуаль шеберлиги сонда, шығарма сюжетиндеги ҳәдийселердиң мазмун-мәниси диний көзқараслардан келип шыққан жағдайда көзге тасланады. Шығарма атамасындағы «Қуран аяты»ның оқылыўы арқалы жигирма жыл ашылмай қалған жынаят анықланады. Әлбетте, детектив шығармадағы сюжет ўақыялары тез пәт пенен раўажланып, тийкарғы сюжет линиясы эпизодлар менен байытылған. Сондай-ақ, шығармаға диний характерге ийе атаманың таңланыўы гүрриң ўақыяларының раўажланыўына ҳәм жынаяттың ашылыўына тийкар болған. Гүрриңде ретроспектив сүўретлеў усыл арқалы лирикалық шегинис берилип, өтмиште болған жынаят излери жигирма жылдан кейин қырағы тергеўши, аға лейтенант Әўезмурат Тилеўимбетов тәрепинен ашылады.

Шығармада КамАЗ автомашинасын айдаўшы Өтеназар Байназаровтың Қаратаў тас кәнинен адамларға қыйыршық тас алып киятырғанында Жамғырбай шопанды асфальт жолда басып кетип, өлтириўи ҳәм жолдан шетке шығарып көмип кетиў ўақыясы, гүўа ҳәм дәлил болмағаны себепли жигирма жылдан берли ашылмай атырған жынаяттың ашылыўы сүўретленген.

«Қыңыр истиң қыйығы қырқ жылда да ашылады», – дегениндей, подполковник Султамурат Сейтмуратов бул «Қумға көмилген өлик» жынаятлы исин ашыўды аға лейтенант Әўезмурат Тилеўимбетовқа тапсырады. Қырағы аға лейтенант Әўезмуратты экспертиза жуўмағындағы баянлама дыққатын тартады. «Көкирек сүйеклериниң майда-майда болып езилип кетиўине қарағанда аўыр жүк машинасы басып кеткен» [7:8]. Усыған тийкарланып, аға лейтенант Әўезмурат жынаятшыны Қаратаў кәнлеринен жүк тасып жүрген машиналардың айдаўшыларының арасынан излеў кереклигин уйғарады. Бул шығармада гүрриң қаҳарманларының өз ара диалоглары арқалы көринеди. Мысалы: «Папканы баслықтың алдына ысырып қойды.

– Бул жөнинде қандай ой-пикирге келдиңиз?

– Мениңше, экпертизаның жуўмағы…» [7:8].

«Өтеназар ҳәр сапары Қаратаўға жүк алып қайтыўға келгенинде, сол қум төбешиктиң тусынан өткенинде өз-өзинен ҳәўлирип, албырап, дәлбиреп машинасын басқара алмай қала берер еди. Сонда, ол усы ҳалаты себепли көшесиниң мешит қәўим молласынан жазып алып, ядлап үйренген қуран аятын машинасын тоқтатып оқып алады» [7:11]. Жазыўшы шығармада персонажлардың руўхый дүньясын сәўлелендириўде халқымыздың исенимлерине ҳәм диний түсиниклерине байланыслы дәстүрий мотивлерди шеберлик пенен пайдалана алған.

**Жуўмақ.** Д.Есебаев қарақалпақ прозасын детектив гүрриңлер арқалы тематикалық ҳәм жанрлық-формалық жақтан байытқан көркем сөз шебери. Жазыўшының детектив гүрриңлеринде жәмийеттеги жынаятлар, урлық, адам өлтириў сыяқлы қылмыслы ислер қырағы тергеўшилер жәрдеминде әдалатлы түрде өз шешимин тапқан. Жазыўшының шийеленискен жынаятты ашыў мақсетинде характерлерди жаратыўдағы, шығармаға атама таңлаўдағы, ҳәр қыйлы деталь ҳәм мотивлерди қолланыўда өзине тән, жеке стильлик изленислери айрықша әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**

1. Бавин С. Зарубежный детектив XX века. – М.: «Книжная палата», 1991. –С. 206.

2. Ирисбоев Т.Т. Ҳозирги ўзбек детектив адабиётининг тараққиёт хусусиятлари (Тоҳир Маликнинг «Шайтанат» асари асосида): Филол. фан. ном. ... дисс. – Тошкент, 2001. 157-б.

3. Сулаймонов Ш.С. Ўзбек детектив насри: генезиси ва табиати: Филол. фан. ном. ... дисс. – Тошкент, 2002. 151-б.

4. Холиков Б. А.Детектив романларда воқеликнинг бадиий талқинини тизимли моделлаштириш (Марио Пьюзонинг «Чўқинтирган ота» («The Godfather») ва Тоҳир Маликнинг «Шайтанат» асарлари мисолида). Филол. фан. фалсафа доктори дис. автореф. – Тошкент, 2018. 42-б.

5. Алламуратова З. Қарақалпақ прозасында детектив жанрдың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў эволюциясы: Филол. илим. б-ша филос.докт. (PhD) дисс. – Нөкис, 2020. 109-б.

6. Есебаев Д. Тышқан тесиги мың теңге. (Повесть ҳәм гүрриңлер) –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014. 100-б.

7. Есебаев Д. Көк бояў. (Детектив гүрриңлер). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2025. 96-б.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ ёзувчиси Д.Есебаевнинг асарлари таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида детектив ҳикоялари танланган. Детектив ҳикояларда жамиятдаги ҳархил жумбоқ ҳодисаларнинг очилишига боғлиқ воқеалар тасвирланган. Ёзувчи детектив асарлари орқали қорақалпоқ насрини жанрий ва шаклий жиҳатдан бойитти. Ҳикояларида персонажларининг характерларини яратишда, асарга сарлавҳа танлашда, сюжетни ривожлантиришда ўзига хос хусусиятлар ёзувчи томонидан атрофлича ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются произведения каракалпакского писателя Д.Есебаева. В качестве объекта исследования были выбраны детективные рассказы. В детективных рассказах описываются события, связанные с раскрытием различных загадочных явлений в обществе. С помощью детективных произведений писатель обогатил каракалпакскую прозу в жанровом и формальном аспектах. С помощью детективных произведений писатель обогатил каракалпакскую прозу в жанровом и формальном аспектах. Писатель подробно осветил особенности создания характеров персонажей в своих рассказах, выбора названия для произведения и развития сюжета.

**SUMMARY.** The article analyzes the works of the Karakalpak writer D.Esebaev. Detective stories were chosen as the object of research. Detective stories describe events related to the disclosure of various mysterious events in society. Through his detective works, the writer enriched Karakalpak prose in terms of genre and form. The writer of detective works is a genre and a form of jigat. In the creation of the characters of the characters in the short stories, in the choice of the title of the work, in the development of the plot, the writer has given himself a double characteristics.

## ÁJINIYAZ SHÍǴARMALARÍNDA QOLLANÍLǴAN FOLKLORLÍQ DÁSTÚRLER

**G.S.Qalbaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: an'anaviy tasvir vositalari, mifik motiv, mifik obraz, afsonaviy syujet, detal, giperbola.

**Ключевые слова**: традиционные средства изображения, мифический мотив, мифический образ, легендарный сюжет, деталь, гипербола.

**Key words**: traditional means of depiction, mythical motif, mythical image, legendary plot, detail, hyperbole.

**Kirisiw.** Ájiniyaz Qosıbay ulı óziniń kórkem miyrasları arqalı xalqımızdıń tariyxın, mádeniyatın, etnografiyasın, bay folklorlıq miyrasların dúnyaǵa tanıtqan, sonıń menen birge, XIX ásir qaraqalpaq klassik ádebiyatın shıǵıs hám batıs poeziyasınıń formaları menen birge folklorlıq dástúrlerin alıp kelgen novator shayırlarımızdıń biri. Ájiniyaz óz lirikalırında realistlik súwretlew usılları menen birge folklorlıq hám miflik súwretlew usılların sintezlestirip, súwretlewdiń jańa formaların jańa baǵdarda rawajlandırdı.

Shayır lirikalarında súwretlenip atırǵan obyektke, hádiyselerge óziniń kózqarasların bildiriwde, lirikalıq qaharman obrazın jaratıwda, onıń ishki ashıqlıq sezimlerin beriwde dástúriy folklorlıq súwretlew usılları – teńew, epitet, giperbola, parallelizm usılları menen birge miflik súwretlew usılları, miflik motiv, ápsanalıq syujetlik detal hám ápsanalıq obrazlardı hár qıylı stillik hám kórkemlik maqsetlerde paydalanıladı. Bunda xalıq awızeki ápsanaları, sonday-aq, arab-parsı tillerinde jazılǵan dereklerdegi kórkem etip bayanlanǵan ápsanalıq gúrrińler, qıssalar Ájiniyaz dóretiwshiliginiń ideyalıq, kórkemlik jaqtan bayıwına, jańa syujetlik detallar, jańa forma, jańa obrazlıq teńewlerdi sheberlik penen endiriwge múmkinshilik berdi.

**Tiykarǵı bólim.** Ájiniyaz shayır dóretiwshiliginde qollanılǵan folklorlıq súwretlew usılları, atap aytqanda, ondaǵı miflik motiv, syujetlik detal hám ápsanalıq obrazlar, sonday-aq, miflik súwretlew usılları shayır shıǵarmalarınıń kórkemligin, ideyalıq mazmunın bayıtadı. Shayır lirikalarında ápsanawiy máńgilik obrazlar Ǵárip-Shaxsánem, Láyli-Májnún, Farxad-Shiyrın, Yusup-Zlixa ashıqlıqtıń tımsalı, ápsanalıq Rustem, Ǵoruǵlı, Házireti Áliy batırlıqtıń tımsalı, al, Áflatun, Álastun, Hákim Luqman danıshpanlıq hám danalıqtıń tımsalı retinde súwretlenedi. Mısalı:

Diydiler áyyemde óttiler Álastu,
Asmanıy zamindi bildi Áflatun,
Jan alıp, jan berdi Ulıqpan Hákim,
Bular hám ottiler, áy faniy, sendin («Násihat»).

Shayır lirikalarınıń tásir etiw kúshi de – onıń joqarı obrazlılıǵında. Gózzallıq, ádeplilik, iybelilik – shayır dóretken gózzal qızǵa tán tiykarǵı qásiyetlerdiń biri. Shayır gózzaldıń usınday sıpatların gózzallıq tımsalı bolǵan ápsanalıq máńgilik obrazlar Láyli, Zulayha, Shahsánemlerge teńeydi. Olardaǵı opadarlıq, aqıllılıq, adamgershilik sıpatlardı ózi dóretken gózzalda kóredi. Mısalı:

Yuz álwan dolanur qáddini dúzep,
Názerlep kirpigin oq kibi gezep,
Láyli, Zuhra, Sánem kibi xosh ádep,
Baǵ áremgá minásipdur shul páriy, («Bir pariy»).

Bunday ápsanalıq gózzal yar obrazların shayırdıń muhabbat lirikalarında hám tárip-arnaw qosıqlarında bir neshe orınlarda ushıratıwımızǵa boladı. Mısalı:

Bardur qız-jawanı qashları kaman,
Yuzin taqqas etseń xurshiydi taban,
Anı kórgenlerdiń aqılı hayran,
Láyli Zulayhadek qızları bardur, («Bardur»).

Liro-epikalıq, ashıqlıq dástanlardaǵı lirikalıq bólimlerdiń ideyalıq-tematikalıq, kórkemlik tásiri Ájiniyaz shıǵarmalarında tolıǵıraq hám anıǵıraq kórinedi. Mısalı, ashıqlıq qosıqlarndaǵı lirikalıq personaj bolǵan ashıqtıń júregin jaylaǵan hasıl hám moldir sezimlerdiń beriliwi Ájiniyazdıń lirikalıq qaharmanınıń júrek sezimlerin beriliwi menen únlesedi. Xalıq qosıqlarınıń hám Ájiniyazdıń lirikalıq qaharmanları uqsas tipologiyalıq sharayatlarda kórinedi [2:48]. Dástanlardaǵı Láyli-Májnun, Farxad-Shiyrın, Yusup-Zulayha sıyaqlı ápsanalıq ashıqlar haqqındaǵı ápsanalarındaǵı syujetlik detallar shayır shıǵarmalarınıń kórkemligin támiyinleydi. Mısalı:

Láyli kibi ıshqı otına kúydirip,
Meni Májnún ettiń ármaniy dúnya, («Ármaniy dúnya»).

Shayırdıń ózi – lirikalıq qaharman. Ol – mudamı yar ıshqında janǵan ashıq. Ol – sonday bir gózzalǵa ashıq. Onı izlep kóp jerlerdi gezedi, ashıqlıq azabında sergizdan boladı, lirikalıq qaharmannıń bul sergizdanlıq halatların súwretlewde óz dáwiriniń ádalatsızlıǵı, teńsizligi sebebinen súygenine erise almay, óz jurtınan shıǵınıp, yar ıshqında sársan bolıp, shóllerdi gezgen Májnúnniń ruwhıy halatları menen parallel qoyıp súwretleydi. Mısalı:

Yúre almadım, oynap-kúle,
Májnúndeyin shıqtım shólá, («Sel boladı»).

……………………………………

Búlbildi zar etip taza gúllárá,
Májnúndek aydaban shólden-shóllerá («Dáwran bolmadı»).